



Zafè Kijan Pou Mete Tibebe Dòmi an Sekirite

Nimewo Politik: FO-26-05

Dat Li Pibliye: 9 Septanm, 2026

Dat Li An Vigè: 1 Novanm, 2026

Aplikabilite: Tout Pwogram Gadri ki Gen Lisans ak Finansman

ENFÒMASYON DEBAZ

Tibebe ki poko gen 12 mwa gen risk pou yo Mouri Sanzatann San Rezon (SUID) epi Sendwòm Lanmò yon Tibebe Sanzatann (SIDS). Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri Timoun Piti (EEC) angaje l pou sipòte edikatè ak fanmi yo nan efò yo pou redui risk sa a epi kenbe tibebe yo an sekirite nan pwogram edikasyon timoun piti yo. Kidonk, an akò ak rekòmandasyon Akademi Pedyatri Ameriken an (Jwen 2022), EEC etabli règleman sou kijan pou timoun Dòmi an Sekirite pou tout moun k ap okipe tibebe ki gen mwens pase 12 mwa yo aplike règleman sa a.

OTORITE

- 606 CMR 7.11(13)(e): Pwogram k ap sèvi tibebe dwe:
 1. Mete tibebe yo sou do yo pou yo dòmi, sof si pwofesyonèl swen sante timoun nan bay yon lòt enstriksyon alekri;
 2. Mete tibebe kabicha pou yo dòmi nan pwòp kabann pa yo, yon kabann pòtab, yon bèso jwèt, oswa yon bèso tibebe;
 3. Asire w ke bèso yo gen matla ki djanm, ki byen ajiste, ak epi kouvri byen pwòp, epi yo pa gen okenn espas kote tèt yon timoun ka bloke;
 4. Asire w ke ba nan kabann tibebe yo pa plis pase $2^{3/8}$ pous youn ak lòt; epi
 5. Asire w ke kabann ti bebe, kabann pòtab, bèso jwèt ak ti kabann pou ti bebe ki gen mwens pase 12 mwa pou dòmi pa gen zòrye, kouvèti, bèt an peluch oswa lòt materyèl mou oswa materyèl eponj.

DEKLARASYON SOU RÈGLEMAN/POLITIK LA

Tout moun k ap pran swen tibebe nan yon pwogram ki gen lisans oswa ki finanse pa EEC dwe swiv pratik Dòmi an Sekirite ki dekri anba a.

Toujou mete tibebe ki poko gen 12 mwa sou do yo lè w ap mete yo pou yo fè yon ti kabicha, repoze, oswa dòmi.

- Yo dwe mete chak tibebe sou do pou li dòmi oswa repoze, sòf si medsen swen sante tibebe a bay yon lòd alekri pou yon lòt pozisyon altènatif pou li dòmi. Lòd sa a dwe gen ladan yon deskripsyon espesifik sou fason tibebe a dwe dòmi, kondisyon medikal ki mande yon pozisyon dòmi altènatif, li dwe siyen pa founisè swen sante tibebe a ak paran an, epi li dwe swiv jan li ekri a. Lòd sa a dwe konsève nan dosye tibebe a epi disponib pou revizyon pa pèsònèl/anplwaye EEC.
- Pwogram yo ka bay fanmi an [Fòm Eksepsyon EEC a pou di Kijan pou Mete Tibebe Dòmi](#) pou doktè timoun nan ranpli, oswa yo ka aksepte yon fòm doktè ki ekivalan ak sa, depi fòm sa a gen menm enfòmasyon fòm EEC a mande.
- Menm lè yon tibebe ka fasilman vire tèt li soti sou do pou l gade devan epi tounen sou do ankò, anplwaye pwogram nan dwe kontinye mete tibebe a dòmi sou do li. Si tibebe a vire tèt li nan pozisyon li prefere a, li pa nesesè pou chanje pozisyon li ankò. Si yon edikatè pa t deja obsève tibebe a vire tèt li, li ta dwe mete tibebe a sou do li ankò.
- Dapre 606 CMR 7.08(6)(j), tout pwogram k ap bay sèvis pou tibebe dwe bay fanmi yo enfòmasyon alekri, anvan enskripsyon, sou Pratik kijan pou mete tibebe Dòmi an Sekirite, sa ki enkli pratik pou fè tibebe dòmi sou do yo jan sa egzije pa 606 CMR 7.11(13)(e).
- Gwoup Pwogram Gadri pou timoun yo dwe mete nan politik/règleman alekri yo sou swen sante a, "yon plan pou asire ke tout timoun sa ki gen douz mwa oswa pi piti kouche sou do yo pou dòmi, sòf si pwofesyonèl swen sante timoun nan bay yon lòd alekri ki di otreman" [Gade 606 CMR 7.11(19)(a)9].

Toujou mete tibebe yo sou yon sifas pou dòmi ki djanm, plat, epi ki pa gen pant.

- Chak tibebe dwe dòmi nan yon bèso tibebe endividyèl, yon bèso tibebe ki pòtab, yon bèso jwèt, oswa yon bèso ki gen yon matla ki:
 - **Djanm.** Atik yo itilize pou fè sifas dòmi an pi mou, sa ki enkli sa yo men ki pa limite ak sa yo sèlman zòrye, kousen, ak kousen matla, pa pèmèt pou itilize olye de, oswa anplis de, yon matla..

- **Byen ajiste.** Sa vle di matla a byen djanm epi pa gen okenn espas ant li ak bò kabann tibebe a, bèso pòtab la, playpen an oswa basnèt la. Yon matla ki byen ajiste kenbe fòm li menm lè li kouvri ak yon dra ki byen ajiste.
- **Fabrike pou itilize ak pwodwi a.** Chak eleman nan anviwònman dòmi an dwe fèt pou mache/fonksyone ak lòt eleman yo. Pa egzanp, matla oswa dra ki itilize nan yon bèso jwèt dwe menm sa ki fèt pou itilize ak modèl sa .
- **Kouvri ak yon dra pwòp ki byen chita/ajiste.** Fòk dra yo byen ajiste sou matla a epi yo dwe fèt pou kalite matla sa a. Dra yo pa dwe tèlman lach pou tibebe a ka rale l oswa pou l fè pli. Dra a pa dwe tèlman sere pou kwen matla a pa monte. EEC rekòmande pou verifye si dra a byen ajiste anvan nou mete yon tibebe kouche pou l dòmi oswa repoze pou asire dra a pa ka vin lach.
- Tibebe pa dwe:
 - dòmi oswa repoze sou yon kabann oswa yon kanape;
 - Dòmi ak tibebe a nan pòtbebe oswa echap;
 - dòmi nan chèz machin pou bebe, balansin, chèz rebondisan, oswa lòt aparèy chita. ¹ Si yon tibebe ap montre siy li dòmi nan yon aparèy ki fèt pou chita, yo dwe deplase tibebe sa a nan yon bèso tibebe, bèso pòtab, bèso jwèt, oswa bèso **anvan dòmi dòmi pran li**. Ti bebe anplwaye EEC yo obsève k ap dòmi nan youn nan aparèy sa yo ap konsidere kòm k ap dòmi nan yon kondisyon ki pa an sekirite epi pwogram nan ap resevwa yon kontravansyon pou nonkonfòmite sou Jan yo Mete Timoun Dòmi ki an Sekirite, kèlkeswa konbyen tan depi ti bebe a te genyen depi dòmi pran l.

Toujou itilize bèso ki an sekirite ak ekipman dòmi ki apwouve pou tibebe.

- Tout ekipman pou tibebe dòmi dwe tcheke regilyèman pou asire ke yo pa fè dwe fè yon rapèl pou li, ke pa gen pyès ki manke, epi ke li an bon eta.
- Tout ekipman pou tibebe dòmi dwe konfòm ak nòm aktyèl yo. [Komisyon Sekirite Pwodwi Konsomatè Etazini \(CPSC\)](#) ak estanda sekirite Sosyete Ameriken pou Tès ak Materyèl (ASTM International).
- Pou demontre ke bèso a oswa nenpòt lòt ekipman pou dòmi satisfè estanda aktyèl CPSC pou bèso, youn nan sa ki annapre yo dwe obsève sou nenpòt ekipman yo itilize pou timoun k ap dòmi:
 - Yon "etikèt fabrikaj," sa ki se yon mak pèmanan, distenk sou kabann tibebe a ki genyen, omwen, sous pwodwi a, dat fabrikasyon an (yo pral aksepte nenpòt dat ki sou oswa apre 28 jen 2011), ak enfòmasyon sou kohòt la, tankou nimewo pakèt oswa nimewo seri a;

- Yon fòm anrejistrasyon, sa ki enkli non manifakti/fabrikatè a ak enfòmasyon kontak li, non modèl la, nimewo modèl la, ak yon dat fabrikasyon sou oswa apre 28 Jwen 2011; epi
- Yon Sètifika Pwodwi pou Timoun (CPC) oswa ¹ soti nan yon laboratwa twazyèm pati CPSC aksepte ki demontre konfòmite ak 16 C.F.R. pati 1219 oswa 16 C.F.R. pati 1220.

Toujou kenbe objè mou ak dra ki lach deyò nan zòn kote tibebe dòmi, enkli atik yo itilize pou anvlòpe tibebe.

- Anviwònman dòmi ki an sekirite a, ak zòn ki alantou tibebe a, dwe rete san okenn bagay ki mou, tankou, men pa limite a, dra ki lach, zòrye, sison, peluch, kousen angilè, aparèy pou kenbe tibebe a an plas, ak pad pwoteksyon bò kabann. Pa gen anyen ki dwe ap pandye sou bò bèso tibebe a, kloti jwèt la, oswa bèso pòtab la pandan tibebe a ladan l.
- Èd pou dòmi ki gen pwa entèdi epi yo pa dwe itilize nan anviwònman yon tibebe dòmi. Entèdiksyon sa a enkli, men pa limite a: gwo dra ki gen pwa lou, rad pou vlope timou ki gen pwa lou, sak dòmi ki gen pwa, oswa nenpòt lòt rad oswa atik kabann ki gen pwa lou.
- Tout rad oswa akseswa ki kreye risk pou antòtiyman oswa etrangleman dwe retire anvan tibebe a plase nan anviwònman somèy an sekirite a. Pami yo, gen bavèt, bonèt, akseswa pou cheve, bijou ak nenpòt rad ki gen kòdon oswa kapichon, tankou sweatshirt and djakèt ki gen kapichon. Pou plis enfòmasyon sou bijou yo, gade paj 6 la.
- Tibebe yo pa dwe anvlope nan dra.² Sòf si founisè swen sante yon timoun bay yon dokiman alekri ki temwaye nesesite medikal pou vlope li. Dokiman sa a dwe enkli:
 - Yon kondisyon medikal ki egzije pou yo anvlope tibebe a;
 - Kantite tan tibebe a dwe anvlope;

¹ Malgre manifakti/fabrikatè, enpòtatè, ak détaillan pa oblije bay konsomatè yo CPC oswa rapò tès, anpil ladan yo ap bay dokiman sa yo sou demann oswa poste yo sou sit entènèt yo. Yon CPC oswa rapò tès ki endike konfòmite ak nenpòt nan estanda sa yo akseptab pou bèso gwo konplè: F1169-10, 10a, oswa 11. Yon CPC oswa yon rapò tès ki endike konfòmite ak nenpòt nan estanda sa yo akseptab pou bèso ki pa gwo konplè: F406-10I 10a, 10b, 11, 11a, 11b, 12, oswa 12a. Si yon bèso ou achte apre 28 jen 2011 pa gen yon etikèt pou swiv oswa yon fòmilè enskripsyon, kontakte Biwo Konfòmite ak Operasyon sou Tèren CPSC a nan jjrgl@cpsc.gov. Rèsi sèlman pa yon endikatè konfòmite e yo ta dwe sèlman itilize pou sipòte dokiman ki idantifye pi wo a lè y ap detèmine konfòmite.

² Pou objektif politik sa a, anvlòpman defini kòm vlope yon tibebe nan yon dra oswa yon materyèl ki sanble, nan yon fason ki limite mouvman, sa ki enkli anvlòpman timoun nan pou li fikse ak Velcro, bouton presyon oswa lòt fason pou fèmen ki sanble. Rad tankou sak dòmi oswa sak dòmi dra ak zip ki kite bra tibebe a lib pa konsidere kòm anvlòpman, kèlkeswa fason yo vann yo.

- Siyat founisè swen sante timoun nan, ak
- Siyati paran oswa gadyen timoun nan.
- Pwogram yo ka bay fanmi yo [Fòmilè Eksepsyon EEC a sou Kijan pou mete Tibebe Dòmi](#) pou founisè swen sante timoun nan ranpli, oswa aksepte yon dokiman ki ekivalan avèk li ki soti nan men founisè swen sante a, depi li genyen tout enfòmasyon obligatwa ki note pi wo a.
- Pwogram swen/gadri pou timoun nan dwe kenbe yon kopi dokiman ekri a nan yon fason ki disponib pou revizyon pa anplwaye EEC yo. Pwogram nan dwe swiv enstriksyon doktè a ekri yo egzakteman. Lòd la dwe konsève nan dosye timoun nan epi disponib pou revizyon pa anplwaye EEC yo.

Toujou bay chak tibebe yon espas endividyèl pou yo dòmi.

- Chak tibebe dwe gen pwòp espas pou li dòmi; pataje kabann ak yon lòt tibebe, timoun, oswa yon granmoun se yon pratik ki entèdi.

Toujou evite pou tibebe yo pa pran twòp chalè epi pa kouvri tèt yo pandan y ap dòmi.

- Ti bebe yo dwe abiye apwopriye pou anviwònman an; edikatè yo dwe pran prekosyon pou pa twò vlope yo. Ti bebe yo ta dwe abiye ak yon sèl kouch plis pase sa yon adilt ta mete pou l alèz nan menm espas la.
- Lè yon tibebe ap dòmi, edikatè yo dwe tcheke tibebe a detanzantan pou siy ki montre yo twò cho, tankou swe, cheve mouye, po wouj, oswa lè yo manyen pwatrin tibebe a li santi l cho.
- Akòz risk pou twòp chalè, pa mete chapo sou tibebe lè yo andedan kay la, eksepte kas ki preskri pa yon pwofesyonèl sante. Tèt ak figi tibebe a dwe rete lib.
- Chanm kote tibebe yo dòmi an dwe gen yon tanperati ki ant 68-72 degre Fahrenheit.

Toujou asire w ke tétine yo itilize pou dòmi pa gen okenn lòt pyès oswa atachman.

- Tibebe yo ka itilize tétin pandan tibebe a ap dòmi, depi tétin nan pa gen okenn konpozan anplis. Nenpòt atachman sou tétin nan, tankou klip ki atache ak rad tibebe a, pèl, ti kouvèti, oswa jwèt mou/jwèt ranpli, dwe retire anvan yo mete tibebe a pou l dòmi. Tétin ki gen senti, kòd, lès, oswa lòt atik ki pa ka retire entegre ladan yo pa pèmèt nan espas dòmi tibebe a.

Toujou retire bibon yo nan espas kote tibebe a ap dòmi anvan li dòmi.

- Dapre 7.12(10)(a)(3), nou dwe kenbe tibebe yo pandan y ap bay yo bwè bibon. Tibebe yo pa gen dwa gen boutèy/bibon bò kote yo nan espas dòmi ki an sekirite.

Toujou retire bijou sou tibebe anvan yo dòmi.

- Yo dwe retire bijou yo anvan yo mete yon timoun dòmi.
- Bijou yo ka rete sou timoun nan sèlman si yon paran oswa gadyen mande sa alekri. Dokiman demann lan dwe konsève nan dosye timoun nan epi disponib pou revizyon pa anplwaye EEC yo. [Pwogram yo ka mande paran yo oswa responsab legal yo ranpli epi siyen Dechaj ki gen rapò ak bijou pou tibebe EEC a, oswa yon fòm ekivalan pwogram nan kreye.](#)

Toujou retire objè ki pandye nan zòn kote tibebe dòmi.

- Objè ki pandye tankou mòbil, machin son, jwèt pou kabann tibebe, oswa miwa pa pèmèt.
- Krèch/bèsò, poto-bèsò a, bèsò jwèt, ak bèsò pou tibebe dwe plase yon fason pou anpeche yon tibebe rive an danje tankou, men pa limite a, kòd ki pandye, fil elektrik, kòd pou rido fenèt, ak nenpòt lòt risk potansyèl pou etoufe timoun nan.

Toujou sipèvizite tibebe pandan y ap dòmi dapre pratik Kijan pou Dòmi an Sekirite.

- Monitè/Siveyans pou kay, sa ki enkli monitè odyo ak/oswa videyo, oswa aparèy komèsyal ki vann pou diminye risk SIDS, pa dwe sèvi kòm sipèvizyon pou tibebe k ap dòmi.
- Tibebe ki gen mwens pase 6 mwa:
 - Tibebe ki gen mwens pase 6 mwa nan moman enskripsyon an dwe anba sipèvizyon vizyèl dirèk tout tan pandan 6 premye semèn yo nan gadri a, enkli lè y ap dòmi, lè y ap dòmi pran yo, ak lè y ap reveye [Gade 606 CMR 7.10(5)(a)].
 - Tibebe ki gen mwens pase 6 mwa e ki nan gadri depi plis pase 6 semèn yo dwe toujou ka swa wè yo oswa tandè yo pandan y ap dòmi.
- Tibebe ki gen plis pase 6 mwa:
 - Ti bebe ki gen plis pase 6 mwa dwe toujou vizib oswa nou dwe toujou ka tandè yo pandan y ap dòmi.
 - Nan pwogram swen/gadri timoun famiyal la, tibebe ki gen plis pase 6 mwa ki ap fè ti dòmi dwe siveye vizyèlman omwen chak 15 minit. Lè timoun yo mete nan yon chanm apa pou ti fè ti kabicha, pòt la dwe rete ouvè tou piti [Gade 606 CMR 7.10 (07)(d)].
- Tout Tibebe:

- Espas yo itilize pou fè tibebe dòmi dwe gen bon ekleraj pou anplwaye k ap sipèvizè yo ka wè figi chak tibebe ak koulè po li. Tibebe a pa dwe dòmi nan chanm ki konplètman fè nwa.

EGZIJANS FÒMASYON AN

- Dapre Règleman EEC Essentials 2.0 la, **tout** edikatè, administratè, asistan, volontè, ak nenpòt lòt anplwaye ki konte nan rapò adilt-timoun yon pwogram dwe konplete tout modil fòmasyon EEC Essentials 2.0 yo, sa ki gen "Pratik Dòmi an Sekirite" ak " Sendwòm Enpeche Souke Tibebe," ansanm ak kou rafrechisman anyèl ki koresponn lan.
- Nan pwogram ki sèvi tibebe jiska timoun ki nan laj pou ale lekòl, se sèlman manm anplwaye ki fin suiv tout 13 kou ki nan pake EEC Essentials pou Edikasyon Timoun Piti 2.0 la, sa ki enkli de (2) kou ki ki foki sou tibebe yo, ansanm ak kou rafrechi anyèl ki koresponn lan, sa ki gen dwa ranplase anplwaye nan sal klas tibebe yo, kèlkeswa konbyen tan peryòd ranplasman an dire.

KONFÒMITE

Lè yo jwenn yon pwogram ki pa an konfòmite ak règleman oswa politik EEC sou Kijan Pou Dòmi an Sekirite, edikatè a dwe imedyatman pran mezi ki nesèsè pou vin an konfòmite. Si pa gen yon solisyon ki klè imedyatman, anplwaye EEC yo pral travay ak pwogram nan pou eksplòre opsyon, sa ki enkli konsilte Sipèvizè EEC oswa Direktè Rejyonal la. Si yo toujou pa jwenn yon solisyon ki an konfòmite pandan dewoulman Vizit la, swen/gadri nenpòt tibebe ki poko gen 12 mwa ki pa gen aksè ak yon anviwònman ki an sekirite pou dòmi dwe sispann imedyatman epi li pa ka rekòmanse jiskaske pwogram nan ka demontre konfòmite ak EEC.³

1^{er} Sitasyon/kontravansyon sou Dòmi an Sekirite

- Notifikasyon pou Fanmi Tibebe ki Enplike yo: Nan jou sitasyon/kontravansyon an, pwogram nan dwe konplete [Lèt pou Paran sou Dòmi an Sekirite - Premye Sitasyon/kontravansyon pou Rezilta Non-konfòmite](#) epi voye l lakay fanmi chak tibebe ki enplike nan non-konfòmite sou Kijan Pou Mete Tibebe dòmi an Sekirite.

³ Anplwaye EEC ka apwouve pwogram nan pou reprann swen osi vit ke pwogram nan bay prèv ke li ap an konfòmite, menm si pwogram nan poko soumèt yon plan aksyon korektif. Foto ak/oswa videyo voye pa mesaj tèks oswa imèl se mwayen akseptab pou anplwaye EEC pou demontre konfòmite. Pwogram yo dwe toujou reponn a nonkonfòmite a pa soumèt yon plan aksyon korektif atravè LEAD.

Pwogram nan ka pito itilize yon lòt lèt pou paran sou Dòm an Sekirite, si EEC apwouve l, sa ki dekri rezilta vizit la ak plan pou fè koreksyon imedyatman. Yon kopi chak lèt, siyen ak date pa paran yo, dwe retounen bay pwogram nan nan de (2) jou ouvrap epi dwe konsève nan dosye timoun nan epi disponib pou EEC revize.

- Edikasyon: Nan 10 jou ouvrap apre sitasyon/kontravansyon an, tout edikatè ak anplwaye ki te enplike nan swen tibebe yo nan jou sitasyon/kontravansyon an dwe konplete fòmasyon konfòmite EEC sou Dòm an Sekirite atravè Sistèm Devlopman Pwofesyonèl StrongStart la. Pwogram yo dwe voye yon imèl bay Lisans yo pou mande aksè a fòmasyon sa a pou tout edikatè ak anplwaye ki te enplike nan swen tibebe yo nan jou sitasyon an. Yo dwe soumèt yon sètifika ki montre yon manm anplwaye fin konplete fòmasyon an bay Lisansye a pou chak moun ki te oblije fè fòmasyon an.
- Vizit Swivi pou Zafè Dòm an Sekirite: Nan 10 jou ouvrap apre sitasyon/kontravansyon an, yon lisansè EEC ap fè yon vizit swivi san avètisman sou zafè Dòm an Sekirite. Pandan vizit sa a, lisansè a ap obsève tout aranjman ak materyèl pou dòmi an sekirite, revize sitasyon/kontravansyon an anvan yo ak amelyorasyon ki fèt nan domèn Dòm an Sekirite depi dènye vizit la avèk tout edikatè ki enplike yo, epi ap sipòte pwogram nan pou devlope yon plan pou asire konfòmite kontinyèl ak tout règleman Dòm an Sekirite.
 - Si yo obsève gen vyolasyon ki fèt nan zafè fason timoun yo Dòm an Sekirite pandan yon Vizit Swivi sou zafè Dòm an Sekirite, yo dwe adrese epi korije tout enkyetid sekirite imedyat sou plas, epi pwogram nan ap otomatikman soumèt anba pwotokòl aplikasyon ki dekri pi ba a pou dezyèm sitasyon/kontravansyon Dòm an Sekirite. Dapre diskresyon EEC, yo ka pran lòt aksyon aplikasyon.

2^{èm} Sitasyon/Kontravansyon sou Dòm an Sekirite

Lè yo bay yon pwogram kontravansyon pou yon vyolasyon regilasyon EEC sou Dòm an Sekirite pou yon dezyèm fwa, kèlkeswa tan ki pase ant de (2) kontravansyon/sitasyon yo, tout enkyetid sekirite imedyat dwe adrese epi korije sou plas. Anplis de sa:

- Notifikasyon Pwogram pou Fanmi Timoun Enskri yo: Nan jou sitasyon/kontravansyon an, pwogram nan dwe notifiye, alekri, tout paran tibebe ki enskri nan pwogram nan sou non-konfòmite sou Dòm an Sekirite, kit tibebe yo

te enplike nan non-konfòmite a oswa non, lè l sèvi avèk "[Lèt pou Paran sou Dòmi an Sekirite - Dezyèm Kontravansyon/Sitasyon sou Rezilta Non-konfòmite yo](#)". Lèt la endike ke pwogram nan ka an danje pou EEC limite kapasite pwogram nan pou pran swen tibebe a oswa revoke lisans pwogram nan. Yon kopi lèt ki voye bay fanmi yo dwe enkli lè w ap reponn sitasyon/kontravansyon sou Dòmi an Sekirite nan LEAD. Yo ka bay paran yo lèt sa a an pèsòn oswa pa imèl. Yon kopi lèt la, sa ki siyen ak gen dat sou li pa chak paran yon tibebe nan pwogram nan, dwe retounen nan de (2) jou ouvrap epi dwe konsève nan dosye timoun nan epi disponib pou EEC revize. Pwogram nan dwe konfime ak Lisansè li a osi vit ke yo resevwa lèt siyen pa paran chak tibebe.

- Konferans Biwo: Nan 10 jou ouvrap apre sitasyon/kontravansyon an, pèsònèl pwogram ki nesesè yo dwe asiste yon konferans, an pèsòn oswa vityèlman, ak Biwo Lisans Rejyonal EEC yopou diskite sou vyolasyon regilasyon yo ak koreksyon ki nesesè yo. Nan fen konferans sa a, tout pèsònèl pwogram ki te prezan yodwe siyen epi mete dat sou [Angajman pou Dòmi an Sekirite Edikasyon EEC](#). Tou de EEC ak pwogram nan dwe kenbe angajman ki siyen ak date a nan dosye.
- Dokimantasyon K ap Kontinye sou Pratik Dòmi an Sekirite: Efikas imedyatman apre dezyèm deteksyon sou zafè non-konfòmite a epi jiskaske EEC bay lòt avètisman, pwogram nan dwe kenbe yon rejis chak jou sou tout fason tibeb yo dòmi.⁴, sa ki enkli dat yo, lè yo, anplwaye ki te enplike, timoun ki te enplike, laj timoun yo, lè yo te kòmanse dòmi ak lè yo te reveye, ak pratik Dòmi an Sekirite espesifik yo te itilize (pozisyon dòmi, si tibebe a ka vire sou kote, detay sou espas dòmi an tankou chanm nan ak ekipman dòmi yo te itilize, sipèvizyon). Jounal chak jou a ka mande pa pèsònèl EEC epi li dwe disponib pou revizyon nenpòt ki lè.
- Vizit Swivi pou Dòmi an Sekirite: Nan 10 jou ouvrap apre sitasyon/kontravansyon an, yon lisansè EEC ap fè yon vizit swivi san avètisman sou dòmi an sekirite. Lisansè yo dwe swiv menm pwotokòl swivi dòmi an sekirite yo te itilize pou premye sitasyon/kontravansyon an jan sa dekri pa anlè a. Anplis de sa, lisansè a dwe revize dokiman k ap kontinye sou pratik dòmi an sekirite yo.

⁴ Pou pwogram ki pi gwo pou gwoup ak pou laj lekòl, yo dwe obsève chak sal klas tibebe pou Dòmi an Sekirite chak semèn nan diferan lè nan jounen an.

Sitasyon Sekirite pou Dòmi ki Swiv yo

Si yo obsève plis vyolasyon sou Dòmi an Sekirite pandan yon vizit swivi Dòmi an Sekirite ki vin apre, yon vizit siveyans, yon ankèt, oswa nenpòt lòt kalite vizit, yo dwe adrese epi korije tout enkyetid sekirite imedya sou plas la. Pwogram nan dwe sispann bay swen tibebe yo lè biznis la fini menm jou a epi, selon diskresyon Direktè Rejyonal la ak/oswa Komisyonè Adjwen Operasyon sou teren an, li ka sibi sanksyon kont lisans pwogram nan, sa ki enkli pèt kapasite pou bay swen tibebe, konjelasyon enskripsyon, oswa revokasyon ak/oswa refi pou bay lisans.

Yon pwogram gen dwa fè apèl pou konteste kont nenpòt sanksyon ki enpoze sou lisans li atravè yon demann pou rekonsiderasyon administratif, epi lòt dwa apèl ka aplike. Pou plis enfòmasyon, tanpri gade 102 CMR 1.08(1).

ENFÒMASYON ANPLIS

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou politik EEC la, Kijan Tibebe Dòmi an Sekirite, nan [FAQ sou Kijan Tibebe Dòmi an Sekirite](#).

Pou plis enfòmasyon sou Dòmi an Sekirite, ansanm ak resous pou pataje ak fanmi yo, tanpri vizite:

- [American Academy of Pediatrics](#) (Bakademi Pedyatri Ameriken)
- [Atik sou Dòmi HealthyChildren.org](#)
- [Dòmi - HealthyChildren.org](#)
- [Back to Sleep, Tummy to Play](#) (←Dòmi an Sekirite nan Gadri)
- [Safe Sleep in Child Care Settings](#) (←Dòmi an Sekirite nan Gadri)

EKSPIRE

Règleman sa a ranplase ansyen politik EEC la sou Kijan pou Tibebe Dòmi an Sekirite, sa ki te pibliye 1ye Oktòb, 2023.